



## Kòman pou Aksede a Pwofil MyRMV w la

Dat: [jj/mm/aaaa]

ID LÈT VERIFIKASYON: [ID Lèt Verifikasyon]

[Non Kliyan an]

[Adrès Kliyan an]

Chè [Non Siyati]:



### Poukisa w resevwa korespondans sa a?

Lèt sa a gen ladann enfòmasyon sou kòman pou konfigire kont myRMV w lan epi aksede a pwofil RMV w lan. Yon fwa ou fin konplete etap ki liste pi ba yo, w ap anmezi kòmanse tranzaksyon anliy ou an.



### Kisa w gen pou fè?

Enstriksyon pou verifeye pwofil ou:

1. Ale sou Mass.Gov/myRMV. Chwazi "Aksede a Pwofil Mwen".
2. Konekte sou kont MyMassGov ou an. Si w pa gen youn, chwazi "Kreye yon Kont" epi suiv konsiy yo.
3. Y ap mande w pou pataje kèk enfòmasyon pou lokalize kont myRMV w lan epi verifeye idantite w.
4. Apresa, antre ID Lèt Verifikasyon w lan: [ID Lèt Verifikasyon]. ID Lèt Verifikasyon w lan valab sèlman jiska [JJ/MM/AAAA].
5. Kounya a ou kapab aksede a kont myRMV w lan pou fè tranzaksyon ki disponib yo. Apresa, pou konekte toujou itilize kont MyMassGov ou an.

Pou jwenn èd pou kreye yon kont MyMassGov, ale sou Mass.gov/MyMassgovPersonal.



### E si w gen kesyon?

Si w gen kesyon sou verifikasyon pwofil myRMV w lan, rele RMV nan 857-368-8000.

Ak tout senserite,

Rejis Machin a Motè nan Massachusetts

Tradiksyon lèt sa a disponib nan 15 lang, vizite [www.Mass.gov/RMVtranslateddocuments](http://www.Mass.gov/RMVtranslateddocuments)

Rejis Machin a Motè nan Massachusetts | P.O. Box 55889, Boston, MA 02205-5889 | Mass.Gov/RMV